*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№144 (26596)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 12 август – майрæмы мæйы 12 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЮБИЛЕЙ
*Зилгæйаг булкъон*

3 УЫДИС АХÆМ ЦАУ
*«Дзерассæ – мæ ирвæзынгæнæг»*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Шахмæттæ*

**Архайд**

# Боны фæткы – кадрты политикæ

**Куыд зонæм, афтæмæй кæцыфæнды регионы фидар рæзт баст у хорз цæттæгонд кадртимæ. Хицаудзинады бындуры хъуамæ уа тыхджын, æмзæрдæ, бæрзонд цæттæдзинадимæ командæ.**



Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æппынæдзух куыд æмбарын кæны, афтæмæй бæрзонд цæттæдзинадимæ кадртæ хорз ахъаз сты регионы рæзтæн. Цæгат Ирыстоны разамынд ацы фарстамæ стыр æргом здахынц, кадртæ цæттæ кæнынц, уымæй дарддæр сын ног зонындзинæдтæ райсыны фадæттæ аразынц. Уæдæ ис, ахæм специалист йæхи кæм равдиса, уый дæр.

Ахуырадон программæтæ арæзт цæуынц, нымад цæуы, фæллойы базарады тынгдæр кæй агурынц, уыцы дæсныйæдтæ. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим** куыд зæгъы, афтæмæй кадрты политикæйы ивддзинæдтæм сæ хъус дарынц, паддзахадæн разамынд дæттыны цы ахсджиаг уавæртæ сæвзæры, уыдæттæ нымад цæуынц.

«Абон кадрты политикæйы стыр ивддзинæдтæ цæуы, хуымæтæджы кадртæ равзарынæл нæ баззадыстæм. Ис нæм, адæймаджы капитал кæй хонынц, ахæм. Сæйраг æргом здæхт цæуы адæмæн хæрзхъæд паддзахадон лæггæдтæ кæнынмæ, ивддзинæдты рæстæг раздзогтæ равзарынмæ», – радзырдта Гобейы-фырт.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй кадрты политикæйы пайда кæнынц федералон æмæ регионалон фæрæзтæй. «Цæвиттонæн æрхæссæн ис «Æхсарджын Ирыстон»-ы программæ, йе скæныны хъæппæрис равдыста РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Хъуыддаг ын бахæс кодта Уæрæсейы Президент Владимир Путин. Программæ æнтысы Президентон академийы цур Разамынд дæттыны уæлдæр скъола æмæ РЦИ-Аланийы Паддзахадон æмæ муниципалон службæгæнджыты центры руаджы. Нырмæ ахуырад райстой сæрмагонд æфсæддон операцийы 32 архайæджы æмæ ветераны. Уыдонæй 28 адæймаджы райстой дæсныйадон цæттæдзинады дипломтæ, иннæтæ нырма ахуыр кæнынц», – радзырдта Гобеты Ибрагим.

Кадрты фæстауæрц æмæ дарддæры хъомысыл дзургæйæ, Администрацийы хицау загъта, куыст бæлвырд хатдзæгтæ кæй дæтты, уый. Ома, паддзахадон æмæ муниципалон службæгæнджытæн фæзынд ахуырадон программæтæ, хуыздæр практикæтæ равæрдтой сæрмагонд сайтты. Цæгат Ирыстоны фæлтæрддзинадмæ æргом здахынц иннæ регионтæ дæр. Гобейы-фырты хъуыдымæ гæсгæ, кадрты политикæ дæтты ахадгæ дæнцæгтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Проект**

# «Кавказ. Æбæрæгæй нæ фесæфт»

**Егъау историон-архивон проект «Кавказ. Æбæрæгæй нæ фесæфт» («Кавказ. Не пропавший без вести») райдыдта йæ куыст Цæгат Кавказы федералон зылды. Проекты авторты – Адæмон фронты Цæгат Ирыстоны дæлхайады æмсæрдар ДЗГОЙТЫ Дмитри æмæ хæстон историк, генеалог, хæстонтæ ныгæд кæм æрцыдысты, уыдон сбæрæг кæнынил архайæг специалист Алина АКОЕФФЫ хъуыдымæ гæсгæ, уыцы хъæппæрис царды уагъд куы 'рцæуа, уæд сбæрæг уыдзæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Цæгат Кавказы республикæтæй æбæрæгæй чи фесæфт, уыцы 200 мин сидтонæй фылдæры хъысмæт. Уый тыххæй ныхас цыд Пятигорскы пресс-конференцийы «ТАСС Кавказ»-ы.**



Проекты мидис у сбæлвырд кæнын, æфсæддон логистикæ кæй хонынц, уый – цæгаткавказаг æфсæддон комиссарадтæй æрвыст сидтонтæй дзаг эшелонтæ кæуылты цыдысты хæстон архайды бынатмæ, уыцы маршруттæ. Ныртæккæ цы паддзахадон бæрæггæнæнты базæтæ ис, уым адæймаджы агурынц мыггагмæ гæсгæ, уæлдæр цы хъæппæрисы тыххæй загътам, уый авторта та, фыццаджыдæр, се 'ргом аздæхтой, 1941 азы æнæкæрон бирæ сидтонты куыд æмæ кæдæм ластой, уый сбæрæг кæнынмæ. Алина Акоефф куыд зæгъы, афтæмæй рагагъоммæ куысты ныридæгæн сбæрæг, 1941 азы Цæгат Кавказæй 20 мин адæймагæй фылдæр кæй хъахъхъæдтой Хъырым æмæ Одессæ, æмæ сæ фылдæр хай фæмард. Фæлæ уыцы бæрæггæнæнтæ документты мидæг æмбырдгондæй нæ баззадысты.

«Кавказ — сау дзыхъхъау у сидтимæ баст документты. Тынг бирæ сидтонты тыххæй æппындæр ницавæр бæрæггæнæн баззад. Нæ размæ æвæрæм нысан – бамбарын, кæдæм сæ æрвыстой, уыйфæстæ та уыцы логистикæйы хæстонты нæмттæ ссарын, сбæлвырд сæ кæнын», – загъта Акоефф пресс-конференцийы рæстæг.

Куыст ныридæгæн цæуы. Лæмбынæг кæсынц Хъахъхъæнынады министрады Центрон архивы документтæм, уыимæ, эшелонтæ куыд æмæ кæуылты цыдысты, хæстонты ласыны управленийы уыцы бæрæггæнæнтæм, стæй, ног сидтонтæ ахуыртæ кæм цыдысты, уыцы фæстауæрцы (запасы) æхсæн полкъты бынæттæ. Организатортæ куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ рæстæмбис нымадæй хæсты азты дæргъы иу ахæм полкъæн йæ бон уыд афæдзмæ 12 мин адæймаджы бацæттæ кæнын. Цы базæ саразой, уый порталмæ лæвар бацæуæн уыдзæн. Куыст ахæсдзæн иу азы бæрц, фæлæ информацийы иу хай фæзындзæн хæстæгдæр рæстæг. Сæ пъланы ис регионалон архивтæй дæр пайда кæнын, сæ зæрдæ дарынц мыггæгты советтæ æмæ, æбæрæгæй чи фесæфт, уыдоны бинонты æххуысыл дæр.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

**Форум**

# «Машук» æрæмбырд кодта курдиатджын фæсивæды

**Пятигорскы йæ куыст райдыдта Æппæтуæрæсеон фæсивæдон форум «Машук». Ацы аз дзы Цæгат Ирыстонæй архайы 15 адæймаджы. Республикæйы делегацийæн разамынд дæтты фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар ДЖУСОЙТЫ Руслан. Уый республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ номæй арфæ ракодта форумы архайджытæн.**



– Уæрæсе æмæ фæсарæнтæй 2200 архайæгæй фылдæр – уый тыхджын хъару у йæ алыварс дуне хуыздæрырдæм аивынæн æмæ нæ бæстæйы размæцыдæн быдур сæвæрынæн. Уæлдай æхсызгондæр у, «Машук» æрмæст æрыгон адæмы кæй не 'нгомдæр кæны, фæлæ педагогикæ æмæ хъомылады къабазы профессионалты, æрыгон зондамонджыты, Сывæллæтты æхсæнадон советы активисттæ æмæ проект «Фыццæгтæ Фыццæгтæн»-ы («Первые Первым») архайджыты. Уый та дзурæг у, Уæрæсейы фидæнæн бындур чи æвæры, уыцы ахуыргæнæг æмæ зондамонæгæн цыт кæй кæнынц. Æууæндын, форумы цы фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæ раттат æмæ райсат кæрæдзийæ, уыдон уыдзысты нæ цытджын бирæнацион Фыдыбæстæйы фæрнығады æнæфæсайгæ быдур. Уадз, фидардæр кæнæд алы регионты фæсивæды хæлардзинад, уадз, ахуырад, культурæ æмæ социалон къабазы ног иумæйаг проекттæ фæзына! Мæ зæрдæ зæгъы æппæт архайджытæн дæр хъомысджын куыст, хъуыддаджы ирд ныхас æмæ æппæты уæндондæр хъуыдытæ сæххæст кæнын. Уадз, æмæ уын «Машук»-ы хъару балæвар кæнæд уæлкурдиат! Æууæндут уæ хъарутыл, æмæ уын алцыдæр бантысдзæн, – загъд ис республикæйы Сæргълæууæджы арфæйы.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, ацы аз Æппæтуæрæсеон фæсивæдон форум «Машук»-ы сæйраг темæ у «Педагог – Фыдыбæстæйы фидæн хъахъхъæнæг». Йæ архæйджытæ сты æрыгон педагогтæ, зондамонджытæ, фæсивæдимæ куысты специалисттæ æмæ активисттæ нæ бæстæйы алы регионтæй.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Æхсызгон цау**

# Æрыдон, Дигора æмæ Елхот – уæлахиздзаутæ

**Цæгат Ирыстоны æртæ цæрæн бынаты систы хæрзвадæтты хуыздæр проектты æппæтуæрæсеон конкурсы уæлахиздзаутæ. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло куыд загъта йæ телеграм-каналы, афтæмæй уыдон сты Æрыдон, Дигора æмæ Елхот.**

**Конкурсы бæрæггæнæнтæ фехъусын кодтой æндæрæбон Мæскуыйы, форум «Чысыл горæттæ æмæ историон цæрæн бынæтты рæзт»-ы. Проекттæ сæххæст кæнынæн федералон бюджетæй республикæйæн лæвæрд æрцæуыдзæн 240 милуан сомæй фылдæр. Куыстытæм бавналдзысты 2027 азы.**



**Æрыдоны сног кæндзысты Центрон парк: банывыл кæндзысты тезгъогæнæн æмæ æхсæнадон тыгъдадтæ, сывæллæтты æмæ спортивон зонæтæ, амфитеатр, кафæн фæз. Дигорайы базилдзысты Тогойы-фырты уынгмæ. Ам фæзындзæн фæлладуадзæн æмæ тезгъогæнæн бынæттæ, сывæллæттæн хъазæн æмæ спортивон фæзтæ, банывыл кæндзысты кувæндон бæласы фалдзустæ. Елхоты та сæххæст кæндзысты проект «Елхот. Разыдзинады фæзуат» («Елхот. Территория согласия»). Фæзындзæн дзы футболæй хъазæн фæз, спортæй архайыны бынат, парк. Проектыл бакуыста РЦИ-Аланийы Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады раз комплексон рæзты институты дирекцийы командæ.**

*БУТАТЫ Азæмæт*

**Адæмон газет**

# «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæстæ баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзарттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капечы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капечы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **12 августы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **16-29 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,05 | Хурыскаст — 05,08<br>Хурныгуылд — 19,08 | Валютæйы аргъ | Доллар — 82,61<br>Евро — 95,29 | 12 + | |

Абон – Уæрæсейы Æфсæддон-уæлдæфон тыхты бон

# Рæзгæ фæлтæрæн – фæзминаг



**Æфсæддон-уæлдæфон тыхты бонæн йæ райдайæн уыд 1912 азы 12 августы. Уæд Уæрæсейы паддзахады æфсæддон ведомствæ рауагъта бардзырд, цæмæй йæ Гæрзифтонг Тыхты Генералон штабы уа уæлдæфон ленкæнынады хайад дæр.**



Уый фæстæ раздæры Советон Цæдисы, стæй, уый куы нал уыди, уæд та Уæрæсейы Федерацийы Æфсæддон-уæлдæфон тыхтæ саразынмæ æмæ сæ хуыздæрæй-хуыздæр кæнынмæ здæхт цыди стыр æргом. Егъау у нæ авиацийы бавæрд, нæ паддзахадмæ чи ’рбабырста, уыцы знæгтыл уæлахизмæ. Мингай хъæбатыр тæхджыты хæстон намыс абон дæр мынæг нæ кæны, рох не сты æмæ никуы уыдзысты адæмæй.

Кадимæ æххæст кодтой сæ ахсджиаг хæс, нæ бæстæйы иннæ адæмыхæттыты минæвæртты æмрæнхъ Ирыстоны тæхджытæ дæр. Ивгъуыд æнусы 30-æм азты нæ республикæйы фæсивæд афтæ зæрдиагæй архайдтой тæхæджы дæсныйад райсыныл, ахæм стыр æнтыстытæ-иу бафтыд сæ къухы, æмæ Цæгат Ирыстон схуыдтой «тæхæг республикæ». Фыццаг тæхæг та не ’мзæххонтæй сси Мюнхены аивæдты академийы рауагъдон Артем Кациан. Уый хæдтæхæг стахти фыццагдæр Дзæуджыхъæуы сæрмæ – кадетты корпусы раз чысыл фæзуатæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты сæ лæгдзинад æмæ æхсары фæрцы кад æмæ намысы фæндагыл ацыдысты Ирыстоны уæлдæфон сахъгуырдтæ – Абайты Михал, Æгкацаты Мæхæмæт, Залман Аксельрод, Баймæтаты Бимболат, Баскаты Хасанбек, Бекуызарты Алыксандр, Беройты Дзамболат, Базраты Махар, Юрий Боровиков, Брытъиаты Барис, Евгения Гламаздина, Гуыриаты Уырысби, Гусаты Владимир, Джыгкайты Ефим, Датиты Дати, Николай Дюнов, Дауыраты Илитæ, Дзгойты Азæмæтджери, Зæнджиаты Владимир, Хъаныхъуаты Хазби, Любовь Кондратенко, Хъалабегты Батырбег, Хъантеты Константин, Сергей Мартиросов, Милдзыхты Мæдинæ, Герман Макеев, Цъебойты Ибрагим, Кифар Черкасов, Хетæгкаты Ахмæт, Хосроты Георги æмæ бирæ æндæртæ.

Ссæдз тæхæджы – ирыстойнаг фæсивæд райстой ССР Цæдисы Хъæбатырты кадджын нæмттæ. Ранымайдзыстæм сæ: куынæггæнджытæ: Павел Берестнев, Бицаты Сергей, Александр Бондарь, Дзусаты Ирагим, Александр Карасев, Хъараты Алыксандр, Къобылты Сергей, Василий Коняхин, Аркадий Селютин;

Денджызон авиацийы: Юрий Бунимович, Гаджиты Алыксандр, Григорий Пасынков. Штурмовиктæ: Николай Соболев, Цуциты Васили, Александр Юльев. Транспортон авиацийы: Иван Валухов. Полярон авиацийы: Илья Котов. Тæхæг-фæлварæг: Петр Остапенко. Бомбæтæхæппарæг: Остъаты Алексей. Тæккæ фыццагдæр не ’мзæххонтæй ССР Цæдисы Хъæбатыры ном райста Остъаты Алексей – 1940 азы 21 мартъийы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты та ирон тæхджытæй Советон Цæдисы Хъæбатыры ном фыццагдæр радтой Цоколаты Геннадийæн – 1942 азы 14 июны.

Советон Цæдисы Хъæбатыр инæлар-майор Дзусаты Ибрагим канд йæхæдæг нæ цагъта знæгты, фæлæ ма йæ арæхстдзинадыл ахуыр кодта кæстæр тæхджыты дæр, кæцытæ уый фæстæ систы Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, се ’хсæн уыди, æртæ хатты уыцы кадджын ном кæмæн саккаг кодтой, уыцы Александр Покрышкин дæр.

Хæсты фæстæ азты æмæ абон дæр сæ тæхæджы дæсныйадæй æфтыдтой æмæ 'фтауынц адæмы дисы Ирыстоны тæхджыты кæстæр фæлтæры минæвæрттæ. Сæрмагонд æфсæддон операцийы стыр сгуыхтдзинад равдыстой Уæрæсейы Хъæбатыр Датиты Алан – тæхæг-куынæггæнæг. Фæрниаты Олег – штурман-оператор МИ-28 вертолеты, Сирийы æфсæддон операцийы Максим Стефанов дæр хорзæхджын æрцыд Уæрæсейы Хъæбатыры номæй. Æмæ ма бирæ æндæр дæнцæгтæ æрхæссæн ис, нæ сахъгуырд лæпputы тыххæй дзургæйæ. Нæ рæзгæ фæлтæрæй хъуамæ уыцы хабæрттæ рох макуы уой, архайой сæ фæзмыныл.

Цæгат Ирыстоны Ветеранты совет зæрдиаг арфæ кæны нæ республикæйы авиатортæн сæ бæрæгбоны тыххæй, æмæ сын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад, сабыр цард, сæ кæстæрты амондджын фидæн!

**ФРИАТЫ Хъазыбег, Цæгат Ирыстоны Ветеранты советы сæрдар**

Юбилей

# Зилгæйаг булкъон

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы мидхъуыддæгты разамынд æмæ мидхъуыддæгты Цæгат Ирыстоны Ветеранты советы сæрдар ХУЫМАРТЫ Эльбрус зæрдиаг арфæ ракодтой мидхъуыддæгты ветеран, Мидхъуыддæгты ЦИАССР министры раздæры хæдивæг кадрты куысты, отставкæйы булкъон БОЛИАТЫ Рамазаны фырт Зелимæн йæ 90 азы фæдыл.**



Мидхъуыддæгты министры хæдивæг **Михаил Мыльников** юбилярмæ фæхæццæ кодта РЦИ-Аланийы мидхъуыддæгты министр пъæлицæйы инæлар-лейтенант **Демьян Лаптевы** зæрдæбын арфæтæ, йæ равзæрст хъуыддагыл сыгъдæгзæрдæ æнувыдæй кæй фæкуыста æмæ республикæйы кадрты службæйы архайдмæ стыр бавæрæн кæй бахаста, уый тыххæй.

Ветеранмæ арфæ кæнынмæ 'рбацыдысты Дзæуджыхъæуы Минæвæртты ‘мбырды сæрдар **Таболты Сергей** æмæ РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан**. Уый республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** номæй юбилярæн бахаста зынаргъ лæвар.

Зелимы цардвæндаг райдыдта фæскомцæдисы зæрдиаг архайдæй. Фæскомцæдисы Рахизфарсы райкомы нымæрдар, фæскомцæдисы обкомы хайады разамонæг, СЦКП-йы Промышленнон райкомы организацион хайады сæргълæууæгæй республикæйы Мидхъуыддæгты министры хæдивæгы онг цы вазыгджын фæндæгтыл фæцыд, уыцы ахсджиаг бынæтты æдзухдæр архайдта сыгъдæгзæрдæ æмæ бæрнонæй, йæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ.

Фæскомцæдис æмæ мидхъуыддæгты оргæнты кусгæйæ, Зелим стыр æргом здæхта фæсивæды хъомыладмæ. Йæ домаг, фæлæ уæздан ныхасæй æлхæдта адæмы зæрдæтæ. Йæ куыст, йæ архайд йæ бæрнондзинад æдзухдæр уыдысты фæзминаг, кæимæ цард æмæ куыста, уыдонæн.

Разамынд цы фæсивæдæн лæвæрдта, уыдонæй бирæтæ фæстæдæр куыстой бæрнон бынæтты, мидхъуыддæгты кадрты фарстатыл архайгæйæ, уыцы хъуыддагмæ иудадзыгдæр хаста ногдзинæдтæ. Схъомыл кодта фæзминаг афицертæ æмæ дæсны специалисттæ.

Йæ зæрдиаг фæллойæн ын аргъгонд æрцыд бирæ хæрзиуджытæ, кады гæххæттытæ, майдантæ æмæ ордентæй.

Паддзахадæй цы хæрзиуджытæ райста, уыдонимæ сты майдантæ «Ирыстоны Намысæн», «Æхсарджын фæллойы тыххæй», дыууæ къæпхæны «Æнæуайдзæф службæйы тыххæй», Уæрæсейы мидхъуыддæгты ветеранты советы орден «Сгуыхтдзинады тыххæй».

Йе ‘гъдау, йæ лæгдзинад æмæ йæ фарн Зелим рахаста йæ хъæубæстæ Зилгæйæ, йæ бинонтæ, йæ рагфыдæлтæй.

Йæ хистæртæ сыгъдæгзæрдæ æмæ рæстæй службæ кодтой Фыдыбæстæйæн. Йæ Райгуырæн бæстæйы уаргъ йæхимæ райста Зелим дæр, æмæ, милицæйы пъагæттæ йæ фидар уæхсчытыл куы сæрттывтой, уæд сæ булкъоны цинмæ фæхаста сыгъдæгæй, адæмы уарзонæй, фæсивæды раст фæндагыл æвæргæйæ, адæмы сабыр цард хъахъхъæнгæйæ.

Цæгат Ирыстоны милицæйы тыххæй фæллойы ветеран цы нæ зоны, ахæм нæй. Бирæ азты дæргъы цы фæлтæрддзинад æмæ зонындзинæдтæ сæмбырд кодта, уыдон ныффыста æмæ сæ мыхуыры рауагъта æртæ чиныгæй. Ирдæй дзы æвдыст æрцыдысты Ирыстоны мидхъуыддæгты ‘мкусджыты фæлгонцтæ.

Зелим отставкæйы куы рацыд, уæд стыр куыст бакодта Ветеранты советы, ссæдз азы бæрц уыдис йæ разамонæг.

Уыцы азты æмæ суанг ныр дæр йе ‘ххуысы хай хъуыддагæй дæр æмæ фæлмæн æмбаргæ ныхасæй, уынаффæйæ дæр хæссы республикæйы мидхъуыддæгты ветерантæн. Фембæлды архайджытæ бирæ зæрдæбын арфæтæ фæкодтой юбилярæн. Сæ зæрдæ йын загъта фидар æнæниздзинад, йæ бинонты, йæ къабæзты æнæкæрон хорздзинæдтæ.

**КАСАТЫ Батрадз**

Æркæсинаг фарста

# Хохмæ – базармæ

**Журналисты дæсныйад домы рæстдзинадыл дзурын, æхсæнад цавæр ахорæнтæ æмæ цаутæй нывæзт у, уыцы хабæрттæ адæмы размæ хæссын. Цард æцæгæйдæр куыд уыныс, афтæ куы нæ дзурай, уæд дæ уацхæссæджы куысты мидисæн йæ бындур цы у ?**

Туризм нæм бонæйбонмæ рæзы, Ирыстонмæ гуылф кæнынц уазджытæ алы рæттæй, фæсарæнтæй дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, уый махæн сæрыстырдзинады хос у, æгайтма нын нæ республикæ дуне æмæ нæ бæстæйы фылдæр адæмтæ базыдтой. Фæлæ, цæмæй ацы къабазы рæзт æнтыстджын уа, уый тыххæй нæ ныма бирæ хъуыддæгтæ баххæст кæнын æмæ бамбарын хъæуы.

Цалдæр боны интернеты тыгъдады алы сæргæндты бынмæ, Хъæрмæдоны, тъунелы раз, Сергей Бодровы къамы бынмæ цы чысыл базар сырæзт, уый ныхмæ ныхас цæуы. Мæхæдæг дæр уыдтæн уыцы цауæн æвдисæн. Ацы бынаты размæ ахæм базар фæзынд Хъæнийы, туристтæм цымыдисаг фæкастысты, Бодров киноныв «Брат»-ы цы фæсмын свитеры архайдта, уый хуызæгтæ хæххон æрдзы нывты ‘хсæн дардмæ дæр уæлдай бæрæг кæй дардтой, уый. Уыимæ, быд уыдысты, куыд хистæр кары адæмæн, афтæ сывæллæттæн дæр. Фæстæдæр Хъæнийы базарыл бафтыдысты ног продукцийы хуызтæ. Хæххон хъæуты цæрæг сылгоймæгтæ къухæй ми кæнынмæ рагæй дæр дæсны уыдысты, фæлæ сæ, ацы хъæппæрис кæмæй рацыд, уый та бæрæг нæу. Базар лæууы Хъæнийы уæлкъуыбыр. Æмраст фæндагыл æм нæ бацæудзынæ. Бынæй, дæлвæндагæй йæм бæрзондмæ кæсын хъæуы, фæлæ туристтæй уæлдай йæм нæхи бынæттонтæ зивæг кæнынц схизынмæ. Уæй дзы кæнынц сæгъы хъуын, фæсмын æмæ къуымбил æндæхтæй быд алыхуызон дзаумæттæ: нымæтхудтæ, куырæттæ, свитертæ, бæмбæдджынтæ, кæлмæрзæнтæ, ирон дзабыртæ сæрак фындзтимæ æмæ бирæ æндæр товартæ уæлдæр амынд æрмæгæй. Цымыдисаг базар дзы рауад. Стæй йæ бынат дæр – æмбæлгæ ран, фæлæ кæмæдæр уый æгъгъæд нæ фæкаст, æмæ ма ахæм базарæн бындур сæвæрдта, тъунелы фæзы зæйы бын цы адæм фесты, уыцы бынаты дæр. Рæстæг – фадат амонæг, æмбисонды ныхас. Нæ фæцыд æрцæуæг уазджытæй иуы зæрдæмæ ацы ныв, æмæ уæйгæнджытимæ схыл ис, чи, дам, уын ратта ахæм бар, æмæ Бодровы къамы бынмæ базар саразат. Раст уайдзæф у, ныхас дæр ыл нæй, фæлæ ма, ахæм базар Дæргъæвсы зæппæдзты фæзы дæр кæй фæзынд, ууыл та цæуылнæ ничи хъуыды кæны уыцы уазджытæй, æви Бодровæй уæлдай иннæтæ адæм не сты? Нæ зæрдæтæ нын дзырдбаст «Бодров и съемочная группа», зæгъгæ, цыргъ кардау цæвы, алчидæр нæ мæсты кæны, хъыг нын у, нæхи æрыгон артисттæ æмæ иннæ адæймæгтæй дзы чи фесæфт, уыдоны кой кæй нæ вæййы, уый. Дæргъæвсы зæппæдзтæ дæр уæлмæрдтæ



сты, æмæ дзы ‘рцæуæг адæмтæ сæ къамтæ стæгдартимæ куы фæисынц, уæд уый та, кæцы адæмы культурæйы фыст ис, æви дуртæ æрмæстдæр иуы цæхæрадонмæ зыввытт кæнын хъæуы?

Ацы уавæрмæ йе ‘ргом аздæхта Горæтгæрон районы администраци. Бабæрæг кодтой амынд бынат æмæ ныхас кодтой уæйгæнджытимæ. Фæлæ та чысыл рæстæджы фæстæ æрбаздæхтысты сæ уæййæгтимæ. Нæ сæ уромынц ивартæ æмæ, къæдзæхтæй цы дуртæ тулынц, уыдон дæр. Æрмæст фыдбылыз куы ‘рцæуа, уæд та дзуапп чи дæтдзæн? Тынг хорз æмбарæм, ахæм бынæттæй æхца бакусыны тыххæй хи пайдайæн архайæн кæй нæй, фæлæ æхцайы рæстæг у, алцыдæр – æлхæнгæ æмæ уæййаг. Фæлæ цæсгом ауæй кæн, бахæр, уый та худинаджы гакк æвæры адæймагыл хъæубæстæ æмæ сыхбæсты ‘хсæн. Æндæр Дæргъæвсы зæппæдзты фæзыл хæрæндон сæрмагондæй туристты тыххæй сараз æмæ дзы цæхæраджын туджы аргъæй балхæн, уый æнæфенд хабар у. Нæхæдæг нæхи рæдыдтытæ куы нæ сраст кæнæм, уæд искæмæй æгъдау цæмæн агурæм? Æппæт æхцатæ ничима бакуыста, йемæ сæ æнусон бæстæм дæр ничи ахæсдзæн. Уыцы сувениртæ æмæ тинтычъийæ дзаумæттæн æндæр бынæттæ ссарæн ис уæй кæнынæн, Дзуарыхъæуы сосæ фæндагыл æнæхъæн егъау базар айтыгъта йæхи, уым дæр ис алцыдæр балхæнæн. Иу ран уагъд цæуылнæ цæуынц, фыдбылызтæ кæм æрцыд, уыцы бынæттæ, сæ рæзты халæттæ дæр куы нæ тæхынц, уæд. Хъæрмæдоны тъунел æмæ Дæргъæвсы зæппæдзты фæзты дæр нæ фидауынц уыцы базартæ æмæ хæрæндæттæ æгъдаумæ гæсгæ æмæ мардыл нымд кæныны хъуыддагæй. Хъуамæ уайдзæфтæ кæниккам искæмæн ахæм уавæрты, мах та сæ нæхæдæг аразæм.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Бындурон цалцæг

# Бахъахъхъæнæм нæ культурон бынтæ

**Цымæ, Тугъанты Махарбеджы ном чи нæ фехъуыста, ахæм адæймаг разындзæн? Зындгонд нывгæнæг, адæмон культурæ иртасæг, Ирыстоны профессион аивадон скъолайы бындурæвæрæг, Репины ахуырдзау.**



Йæ ныййарджытæ Тугъанты Аслæнджерийы фырт Сафарбег æмæ Санаты Гацыры чызг Асиат цардысты Дур-Дуры. Уым 145 азы размæ райгуырд сæ фырт Махарбег – Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг. Йæ фыд Сафар уыд фыццаг ахуыргондботаник, йæ рæстæджы каст фæцис Бонны университет. Абон дæр ма сæ хæдзар, æмæ йын, стыр ахуыргонд йæ алыварс цы дыргъдон ныссагъта, уыдонæй ма цы аирвæзт, сты Дур-Дуры. Революцийы рæстæг хæдзар фæдавтой. Уæд фесæфт бинонты архив дæр, нывгæнæджы куыстытæ æмæ, цы фольклорон фыстытæ фембырд кодта, уыдон. Репресситæй тæрсгæйæ, нывгæнæг алыгъд Хуссар Ирыстонмæ.

Советон хицауад куы ‘рфидар, уæд хæдзар ист æрцыд. 1982 азмæ дзы уыд хъæуы скъола. 1992 азы нывгæнæджы фырт йæ фыды хæдзар, æмæ, йæ алыварс цы зæххы хай уыд, уыдон балæвар кодта Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейæн, хæдзар-музей дзы саразыны тыххæй. Дæсгай азты дæргъы хæдзармæ фæкæсæг нæ уыд, æмæ æдзæллагдæр кодта, цалынмæ йын 2000 азы, нæ адæмы культурон бынтæм чи хауы, ахæм объекты статус нæ раттой, уæдмæ.

2002 азы январы дзы байгом Тугъанты Махарбеджы куыстыты номарæн равдыст.

Ныртæккæ дæр ацы бæстыхайы ис музей. Хъæуы цæрæг Цалиты Батрадз



йæ цæст дары хæдзармæ. Фæлæ йыл рæстæг йæ уаргъ æруагъта, згъæлы алырдыгæй. Бæлæстæй бирæтæ ласт æрцыдысты фæсарæнтæй. Фæлæ, хъыгагæн, советон дуджы калд æрцыдысты, сæ фылдæр та хус баисты. Афтæмæй кæддæр ацы цæхæрадоны дыргътæ ластой равдыстмæ Мæскуымæ.

Куыд разынд, афтæмæй йе сцалцæг кæнын ахæм æнцон хъуыддаг нæу. Йæ кæрты скъола-интернат арæзт кæй æрцыд, уый аххосæй зæхх у республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады исбонад.

Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институты студенттæ сбарстой хæдзары къултæ æмæ сæ абарстой архивон пъланимæ. Сфæнд кодтой, фæстæдæр æм цы арæзтæдтæ бафтыдтой, уыдон айсын, æмæ йын йæ рагон хуыз раздахын. Фæззæджы ацы проектмæ бавналдзæн архитектор Эдуард Кубенский. Сæ хъуыдыйы ис Тугъанты дыргъдон сног кæнын дæр. Зæрдиагæй архайынц, кæддæр Мæскуымæ цы фæткъуытæ ластой, уыдоны байзæддаг бæлæстæ ссарынил.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

## Спортивон фидиуæг



Шахмæттæ

# Зындгонд тренеры номарæн турнир

**Дзæуджыхъæуы, Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстадон хæдзары 9 августы æртыккаг хатт ацыд зындгонд спортивон разамонæг æмæ тренер Николай Новогруцкийы номарæн Æппæтуæрæсеон турнир шахмæттæй.**

Архайдтой дзы Мæскуы, Мæскуыйы облæст, Краснодар æмæ Стъараполы крайты, Хъырым, Кæсæг-Балхъары, Цæцæны, Мæхъхъæлы æмæ Цæгат Ирыстоны республикæты шахматисттæ.

Æдæппæтæй ерысты архайдтой 120 алы кары нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ. Ерыс кодтой «тагъд шахмæттæй», ома дыууæ ныхмæлæууæгæй алкæмæн дæр лæвæрд уыд фæйнæ дæс минуты. Турниры архайджытæ хъуамæ акодтаиккой фæйнæ фараст хъазты. Турниры фæлгæт куыд амыдта, афтæмæй ныхмæлæуджытæ æвзæрст цыдысты, сæ радон фембæлдтыты куыд ахъазыдысты, уымæ гæсгæ. Афтæмæй арæх, кæрæдзийы ныхмæ бадгæйæ, фенæн уыд, карджын шахматист æмæ 6-12-аздзыд лæппу кæнæ чызджы. Ахæм фембæлдтытæм кæсын уыди цымыдисаг.



Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ бæрæггонд цыдысты цыппар къорды 'хсæн.

Æппæты кæстæр кары (14 азæй кæстæртæ) 1-аг бынат бацахста Халид Келигов (Мæхъхъæлы Республикæ), 2-аг бынатмæ рацыд Кирил Саленко, 3-аг та ссис Бетрозты Георги (РЦИ-Алани).

Сылгоймæгты 'хсæн 1-аг бынатмæ рацыд Цæцæны Республикæйы минæвар Раббия Шаипова, 2-аг æмæ 3-аг бынæттæ та бацахстой ирыстойнаг чызджытæ Биазырты Кирæ æмæ Дриаты Ланæ.

Карджын (60 азæй хистæр) шахматистты ерысты 1-аг бынатмæ рацыд Таматы Таймураз, 2-аг бынат бацахста Олег Дедюин (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 3-аг та ссис Хъантемыраты Валери (РЦИ-Алани).

Сæйраг къорды хъазджыты 'хсæн, призон бынæттæ бацахсынæй уæлдай, æхцайы лæвæрттæй хорзæхджын систы фыццаг дæс бынаты бацахсджытæ. Уыдоны 'хсæн уыдысты дунеон къласы мастертæ æмæ гроссмейстертæ дæр.

Фыццаг бынат бацахсæг, дунеон къласы мастер Александр Тряпишко (Хъырымы Республикæ) хорзæхджын ссис майдан, грамотæ, Кубок æмæ æхцайы лæварæй. Майдантæ, грамотæтæ, дипломтæ æмæ 'хцайы лæвæрттæй хорзæхджын систы 2-аг бынат рамбулæг Заур Текеев (Стъараполы край), 3-аг бынат бацахсæг, гроссмейстер Павел Смирнов (Мæскуыйы облæст), 4-æм – Денис Еращенков (Стъараполы край), 5-æм – Билухаж Саидов (Цæцæны Республикæ), 6-æм – Богъаты Хетæг (РЦИ-Алани), 7-æм Давид Елканов (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 8-æм – Олег Нечаев (Стъараполы край), 9-æм – Калоты Ирлан (РЦИ-Алани), 10-æм – Аркадий Дежурко (Цæцæны Республикæ) æмæ Уалыты Арсен (РЦИ-Алани).

Турниры ацыдæй разыйæ баззадысты нæ бæстæйæ алы рæттæй æрбацæуæг уазджытæ. Гроссмейстер Павел Смирнов уый тыххæй загъта: «Æз Ирыстоны фыццаг хатт нæ дæн, æмæ алы хатт дæр баззайын разыйæ. Ацы хатт дæр та турнир сараздæытæ хорз бацархайдтой, æмæ ерыстæ ацыдысты æнæкъуылымпыйæ. Ахæм турниртæ хъæууынц, куыд нæ кæстæр фæлтæрты шахмæттæй хъазынил фæцалх кæнынæн, афтæ хистæрты, нæ ветеранты дæр. Стыр бузныг зæгъæм турнир саразджытæн!»

Дунеон къласы мастер Денис Еращенков ма ацы ныхæстæм бафтыдта: «Æз алы хатт дæр Ирыстонмæ фæцæуын тынг æхсызгонæй. Ам адæймаг йæхи фæхаты уæнгрогæй. Дзæуджыхъæуы уазджытыл сæмбæлынц зæрдæхæларæй, æмæ уымæй адæймагæн йæ фæллад дæр æрбайрох вæййы. Ацы турнир цæуы æртыккаг хатт æмæ азæй-азмæ кæны цымыдисагдæр. Ерыстæ кæнынц хъæздыгдæр, шахмæтты спорты мастертæ æмæ, гроссмейстертæ дæр куы фæархайы, уæд. Ацы хатт куы райсæм, уæд дзы уыди хорз цæттæ ныхмæлæуджытæ, æмæ уыдонимæ ерыс кæнын у пайдайы хос. Ам ма æхсызгон уыди, хæрз æвзонг, 6-12-аздзыд шахматистты 'хсæн курдиатджын лæппутæ æмæ чызджытæ кæй федтам, уый дæр. Мах уынæм Ирыстоны курдиатджын фæсивæд кæй рæзы, уый, æмæ нæ зæрдæ сын зæгъы стыр бæрзæндтæм схизын!»

Ерысты ацыды тыххæй турниры сæйраг тæрхонгæнæг Лариса Чемоданова загъта: «Турнир ацыд æмбæлгæ уавæрты. Æхсызгон у, шахматисттæ иууылдæр сæхи куыд æгъдауджынæй равдыстой, уый. Нæ турнир азæй-азмæ тыхджындæр кæй кæны, уый нын ныфс дætты, фидæнмæ йын бæрзонддæр къæпхæн райсæн кæй уыдзæн, уымæн. Æхсызгон ма у, турниры бирæ хæрз æвзонг шахматисттæ кæй федтам, уый. Абон мах федтам, 6-аздзыд лæппу, йæхицæй зынгæ хистæртимæ ерысгæнгæйæ, 4 очкойы кæй рамбылдта. Нæ хуыздæр шахматисттæй цалдæр абон æндæр рæтты кæй уыдысты, уый тыххæй сын нæ бантыст нæ турниры архайын, фæлæ уæддæр нæ иннæ шахматистты архайд банымайын хъæуы хорзыл. Уырны нæ, нæ фæсивæд сæ зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæй кæндзысты, уый. Нæ турниры саразтæн та йе 'ххуысы хай бахаста нæ республикæйы Шахмæтты федерацийы президент Кадиты Зауырбег, æмæ йын мах зæгъæм – стыр бузныг. Йæхицæн ацы бонты Дзæуджыхъæуы уæвын нæ бантыст, фæлæ та уæддæр бацархайдта, цæмæй мацæмæй стыхсæм, æмæ нæ уазджытæ разыйæ баззайой!»

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Адæмон хихъæппæрисад

# «Балц»-ы зæрдæагайгæ сфæлдыстады цæхæр

**Нæ республикæйы Рахизфарсы районы Культурæйы галуаны цы бирæ сфæлдыстадон хихъæппæрисадон къордтæ ис, уыдоны хорз ном зындгонд у нæ республикæ, Цæгат Кавказ æмæ ма суанг нæ бæстæйы горæтты аивадуарзджытæн. Се 'хсæн йе сфæлдыстадон вокалон хæдбындур бирæвæрсыг æрмдзæфæй бæрæг дары ирон адæмон зарæггæнджыты къорд «Балц». Цалдæр азы йын арæхстджын разамынд дætты дæсны музыкант, композитор æмæ зарæггæнæг, РЦИ-Аланийы сгуыхт артист ЕДЗИТЫ Барис.**



Ирон музыкалон аивад йе 'взонджы кары бауарзта. Куы фембаргæ æмæ астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы аивæдты училищæмæ (ныр – Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледж) адæмон инструменттæй цæгъдынил ахуыр кæныны хайадмæ. Ам ын дæсны музыкант æмæ концертмейстер, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг Цъоппойты Валодя уæрæх, бæлвырд æмæ мидисджынæй æргом кодта аккордеонæй цæгъдыны дæсныйады сусæгдзинæдтæ. Зæрдæргъæвд лæппу йæ цæстуарзон хистæры алы дзырд æмæ амындæн аккаг аргъ кодта. Уыцы иу рæстæг йæ зæрдæйы æвзæрд тырныдзинад зарæг кæнын æмæ вокалон уацмыстæ фыссынмæ. Йæ уыцы бæллиц дæр цæмæй Барисы зæрдæйы, уардийау, дидинæг ракала, уымæн дæр ын фæахъаз Цъоппойты Валодя. Куыд зарæггæнæг, афтæ Барис сценæмæ рахызт Дыгуры районы культурæйы хæдзары. Ам музыкалон училищæйы студенттимæ архайдта дзыллон стыр бæрæгбоны. Йе 'мбæлттимæ бахъырныдта, зындгонд зарæггæнæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Гульчеты Епо разамынд кæмæн лæвæрдта, уыцы зарæггæнджыты къордæн.

Аивæдты училищæ Барис каст куы фæци æнтыстджынæй, уæд кусын райдыдта Дзæуджыхъæуы такситы парчы зарæггæнджыты къорд «Бæлццон»-ы концертмейстерæй. Сæ разамонæг та уыд дæсны хормейстер, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист Туаты Валодя. Такситы парчы сфæлдыстадон вокалон артдзæсты архайгæйæ, йæхæдæг фыссын райдыдта лирикон æмæ хъæбатырты зарджытæ. Ныр дæр рæстæгæйрæстæгмæ райхъуысынц нæ республикæйы радио æмæ телеуынынады каналтæй.

Ивгъуыд æнусы 80-æм азты Едзиты Барис æмæ ма уыйау, ирон адæмон зарæг зæрдæбынæй чи уарзы, Рахизфарсы районы транспортон куыстуаты бæрнон кусæг Азиаты Хетæджы хъæппæрисæй Рахизфарсы районы автотранспортон куыстуаты арæзт æрцыд ирон адæмон вокалон зарæггæнджыты къорд «Балц». Сæ аивад дзы бирæ азты сæдæгай дзыллæтæн уарзын кодтой адæмон зарæджы дæснытæ Хъуыссæты Хъылци, Мыртазты Тамерлан, Ælбегаты Барис, Царахаты Хъазыбег, Гаджиты Алик, Мсойты Барис, Дзусаты Мухтар... Се 'ппæт дæр алы дæсныйæдтыл хæст уыдысты. Фæлæ сæ уарзон æмæ хæларæй иу кодта фыдæлтыккон хъæбатырты зарæгмæ æрдхæрæны уазт. Сæ репертуары уыд Едзиты Барисæн йæхи æмæ нæ зындгонд ирон композиторты фыст вокалон уацмыстæ. «Балц» йæ аивад æвдыста нæ республикæ æмæ нæ бæстæйы фестивальтæ æмæ конкурсты. Сæ курдиатæн иу сын скодтой аккаг аргъ.

Царды социалон-экономикон уавæртæм гæсгæ иуцасдæр рæстæг къорды архайд æрмынæг. Фæлæ уыцы рæстæг дæр йæ аивадон разамонæг йæ зарæггæнджытимæ йе сфæлдыстадон бастдзинад нæ фехæлдта. Рæстæгæйрæстæгмæ-иу сын репетицитæ уыд Фарныхъæуы Культурæйы хæдзары. Уымæй уæлдай, Барис дæс азæй фылдæр зарыд Мариинаг театры филиал – Дзæуджыхъæуы концертон залы (раздæры паддзахадон филармонийы ирон хъæбатырты зарæггæнджыты паддзахадон къорды. Йæ аивадон разамонæг уыд РЦИ-Аланийы адæмон артисткæ, дæсны хормейстер Дзанайты Ольгæ.)

Фæлæ йæ царды бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ, Едзиты Барис ацы зындгонд вокалон артдзæсты йæ архайд кæронмæ куы 'рхæццæ кодта, уæд æй бафæндыд ногæй Рахизфарсы районы ирон адæмон зарæггæнджыты къорд «Балц»-æн дыккаг хатт царды тых раттын. Йæ фæнд цæмæй царды рацæуа, уымæ та йæм хорз фæкаст Азиаты Хетæг, районы транспортон куыстуаты раздæры сæргълæууæг Ходы Валодя, нæ республикæйы раздæры сæргълæууæг Мамсыраты Таймураз. Æмæ та «Балц» йæ артдзæст ноджы райдзастдæрæй ссыгъта районы Культурæйы галуаны. Йæ архайджытæ сты алы кары æмæ алы дæсныйæдтыл хæст. Фæллойы ветерантæ, профессионалон музыканттæ, шофыртæ, алыхуызон куыстуæтты раззагдæр специалисттæ æмæ студенттæ Дзодзиаты Цæра, Бæройты Махар, Азиаты Хетæг, Бекъуырты Максим, Дзусаты Мухтар, Дзæхаты Сослан, Цорæты Мухарбег, Гуыбыраты Æхсарбег, Къусраты Тъариел, Четиты Геор, Баситы Юри, Бигъаты Зауырбег... Къорды æппæты хистæр архайæгыл цæуы 86 азы, кæстæрыл та – 32 азы. Репетицитæм разæнгард æмæ æхсызгонæй цæуынц къуыри дыууæ хатты районы алы хъæутæ, Дзæуджыхъæу æмæ Беслæныхъæуæй. Зарæггæнджытæй иуæй-иутæ вокалон аивадæй уæлдай уарзынц ирон адæмон музыкалон инструменттæй цæгъдын. «Балц» иудадзыгдæр фæархайы Беслæн, Дзæуджыхъæу æмæ районы хъæуты сфæлдыстадон изæртæ, концерттæ, фембæлдтытæ æмæ дзыллон бæрæгбæтты. Къорды репертуары ис ирон адæмон рагон, хъæбатырты, нæ композиторты фыст зарджытæ æмæ лирикон вокалон уацмыстæ. Нæ зæрдæ сын зæгъы, царды хорзæхтæй æмæ сфæлдыстадон уæлтæмæнæй кæддæриддæр хайджын куыд уой, уыцы амонд!

**ГАСАНТЫ Валери**

## Хистæрты фарн

# Æнæферохгæнгæ сабидуг

**Кæй зæрдыл не 'рлæууынц скъолайы ахуыры азты рагбонтæ, æвæццæгæн, ахæм адæймаг нæй. Елхоты бирæсывæллонджын хæдзары схъомыл дæн, æмæ-иу нын нæ фыд арæх афтæ дзырдта: «Ахуыр хорз у, ахуыр! Ахуыр кæнут, кæрæдзи уарзут, фæлæ кусын дæр хъæуы. Куыст цардæн – фæрæз! – афтæ-иу дзырдтой нæ фыдæлтæ… Æмæ уыцы æмбисонд уæ зæрдыл дарут, мæ хуртæ!»**



Алы каникулты дæр-иу нын колхоз «Кавказ»-ы быдырты нæ фыд райста æнæхъæн гектартæ цæхæрайы уа, къабуска, пъамидор, джитъриййы хуымтæ, æмæ-иу сæ рывтам, нæ хæйттыл-иу уыд бæрæг фыст фæйнæджы гæбазыл. Нæ рæнхъыты-иу нын куы бæрæг кодтой, уæд-иу нын дзырдтой, уæ фæстæ хæмпæлгæрдæг ма уадзут, рувгæ-рувын æвзары уидаг ма бахъыгдарут, зæгъгæ.

Алчи дæр-иу архайдта, æмæиу сихоры хæрдыл бригадир, науæд, звеновод искæмæй куы раппæлыд, уæд-иу нæхицæй ныббуц стæм. Афтæ, ахуырдзаутæ уæвгæйæ, разæнгардæй цыдыстæм æрвылбон дæр нæ задхор æмæ сойджын быдыртæм.

Уыцы рæстæг, 70-80-æм азты, нæ республикæйы парахат уыдысты ахуырдзауты бригæдтæ дæр. Елхоты 2-æм скъолайы ахуырдзауты бригады сæргълæууæг уыд скъолайы директор Петр Сладков. Бæрæг азтæ нæ хъуыды кæнын, фæлæ иу рæстæг ахуырдзаутæн бригадир уыд 9-æм къласæй – Бызыккаты Симæ.

Скъоладзаутæй сæ иуæй-иутæ нартхормæ дæр не 'ххæссыдысты, афтæмæй иунæджытæй æнæхъæн рæгъытæ хастой, сæ разæй та сын-иу директор, науæд хистæртæй исчи, æндæр ахуыргæнæг нартхоры хъæд бынмæ æртасын кодта, бынмæ-иу æй æрсаста. Иронау хорз дзырдта Петр æмæиу, ахуырдзаутæй алкæй фыды ном дæр кæй зыдта, уый тыххæйиу нæм дзырдта фыды номæй: «Дашкины чизг!.. Ладойы чизг!..»

Нæ директор уыдис диссаджы рæдау зæрдæйы хицау. Уæд ма æз 6-æм къласы ахуыр кодтон æмæ хъуыды кæнын, диктант нын скодта йæхæдæг. Куыд рабæрæг, афтæмæй 29 ахуырдзауæй 9 райстой æвзæр бæрæггæнæнтæ. Уый фæстæ нын йæхæдæг скодта рæдыдтытыл бакуыст, алцыдæр нын урокты бæстон бацамыдта, растфыссынады æгъдæуттыл æнцойгæнгæйæ.

Абон дæр ма нæ уарзон, алцымбарæг æмæ зондамонæг хистæр Петр Сладковы ирд æмæ фæзминаг фæлгонц лæууы нæ зæрдыл...

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**


Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).

Инвентаризация плодового сада! Профессиональный садовод, после визуальной оценки сада, срубит старые, выработавшие свой ресурс плодовые деревья. Работаю по принципу «Как себе!» Тел.: 8-928 856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).



Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуыron сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 864. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**